




Eske ou  
**Mande**  
**POUKISA**



REPONS POU **KESYON DIFISIL**



# ESKE SA'K TE PASE A **FÈ OU PÈ?**

Nan monn n'ap viv la, anpil  
move bagay ka rive.

Bagay sa yo lè yo rive yo  
ka frape anpil moun,  
menm pwòp fanmi  
pa'w. Lè move bagay  
rive, se yon bagay  
natirèl pou ou pè, tris  
e menm fache. Gen  
moun ki ka menm  
mouri, blese oubyen  
malad byen grav. Se  
yon bagay nòmal si  
ou santi ou san sekou  
oubyen fache. Ou ka  
panse bagay sa yo pa jis.

Petèt ou ka pè paske ou  
panse gen yon lòt bagay pi  
mal ki gen pou l rive.

Ou ka menm santi ou sitèlman tris, ou prèt pou ou kriye. Dèfwà lè ou kriye ou santi ou pi byen. Ou pa bezwen wont. Bondye ki vrè e ki vivan an konnen kijan ou santi ou epi li konprann ou. Menm Li menm Li tris lè bagay ki terib rive.

Men kèk kesyon ou ka ap poze tèt ou:

Eske Bondye konnen mwen, eske li panse ak mwen?

Poukisa anpil move bagay rive nan lemonn?

Poukisa Bondye kite bagay sa yo rive?

Kijan mwen kapab kenbe malgre tout soufrans sa yo?

Ki lòt bagay ki fè ou pè, w ap reflechi sou yo kounye a? Ekri yo nan ankadreman ki anba a.

# ESKE BONDYE KONNEN **MWEN**, ESKE LI PANSE AK **MWEN**?

Wi! Bondye ki vivan an konnen ou epi li panse ak ou. Li konnen tout bagay. Bondye kreye lemonn antye epi Li konnen tout sa k pase tout ti kote. Pa gen anyen ki se yon sipriz pou Li. Li konnen sa ki rele aksidan, lagè, tire. Li konnen sa ki rele gwo tanpèt dlo, inondasyon epi tranbleman de tè. Bondye konnen sa w ap pase avèk fanmi ou. Kè Li fè l mal akoz sa ki rive ou yo. Li konnen kesyon ki nan tèt ou yo. Ou ka panse pa gen pyès moun ki konprann sa w ap sibi kounye a, men  
Bondye konprann.

Nan liy ki anba yo, ekri kisa ou panse oubyen kisa ou santi de sa ki te rive yo.

---

---

---

---



Non sèlman Bondye konnen ou, Li renmen ou malgre bagay ou panse, malgre bagay ou santi. Nan Bib la Bondye di li renmen ou, renmen sa a ap dire jouk lafen (Jeremi 31:3). Bondye kreye ou epi Li konnen ou plis pase tout lòt moun. Petèt ou pa panse anpil ak Bondye, men Li panse anpil ak ou. Li vle fè ou konnen Li gen kontwòl tout bagay menm si sa pa sanble sa. Malgre move bagay rive nan monn sa, Bondye bon. Tout bagay Li fè yo byen. Li sen, Li pafè e Li bon. Ou ka fè Bondye konfyans, menm si tout bagay ki bò kote ou ap pase mal.





# POUKISA ANPIL **MOVE BAGAY** RIVE NAN LEMONN?

Poukisa genyen move evènman tankou dife oubyen inondasyon? Poukisa genyen goumen ak lanmò? Move bagay sa yo pa t toujou la. Lè Bondye kreye latè Li te fè li pafè. Tout bagay te bèl e bon. Ki sa ki te rive? Poukisa bon bagay sa yo chanje?

Sa te kòmanse depi premye jou premye moun ki te viv sou latè yo te dezobeyi Bondye. Olye yo obeyi Bondye, yo te fè sa yo te vle fè. Dezobeyi Bondye rele peche. Lè peche rantre nan lemonn, li gate tout bèl bagay Bondye te kreye. Move bagay te kòmanse rive nan lanati, bagay tankou tanpèt, move van e tranbleman de tè. Lapèn avèk lanmò vini nan lemonn akòz peche.

Sa ki pi mal la, sèke tout moun ki vin fèt aprè vin ka fè peche. Akòz peche, moun fè bagay ki fè lòt moun mal di moun move pawòl pou fè yo mal, tankou rayi, goumen ak touye moun.

Yo pa ka repwoche w nan okenn fason poutèt siklòn oubyen tranblemanntè ki fè gwo dega.

Yo pa dwe repwoche yon timoun si paran l divòse. Se pa fòt li.

Men ni ou ni mwen nou fè bagay ki pa fè Bondye plezi, peche nou separe nou ak Bondye ki pafè a. Bib la di peche rantre nan lemonn epi li pote lanmò ak li (Women 5:12)

Ki bagay ou panse ki se peche?

---

---

Peche pote anpil move bagay nan lemonn men Bondye toujou an kontwòl. Li decide kisa pou Li kite rive epi kisa pou Li pa kite rive.



**BONDYÈ**



# KOUMAN FÈ BONDYE **KITE BAGAY** SA YO RIVE?

Dèfwà Bondye kite move bagay rive, nou pa konprann. Bagay sa yo se rezilta peche. Bondye gen pouvwa pou li fè moun sispann fè bagay ki mal, men Li ba yo libète pou yo chwazi bagay ki bon oswa bagay ki mal. Bondye gen pouvwa sou lanati tou, men Li pa toujou rete tanpèt lapli avèk dife.

Menm si peche lakoz anpil move bagay rive, Bondye ka fè bon bagay soti nan yo. Souvan moun vinn panse pi plis ak youn lòt. Gen moun ki



ka menm riske pwòp vi yo pou yo ede lòt moun.  
Sa ki pi enpòtan an sèke moun konn kòmanse  
panse pi plis a Bondye, yo chache sa Bondye  
ye pou yo. Ki bon bagay ou wè moun fè lè yon  
move bagay rive.

---

---

---

---

Bondye toujou an kontwòl menm si sa  
pa parèt sa. Ou ka pa janm konprann  
poukisa Bondye kite bagay konsa rive.  
Men ou ka konnen pandan w ap soufri  
a, Li ap soufri tou. Bondye la pandan  
move moman sa yo. Li konprann si ou tris  
oubyen si tèt ou chaje. Li konnen epi li  
konprann tray w ap pase. Li renmen  
ou. Lè Bondye kite yon bagay konsa  
rive, li prè pou li ede ou nan pwoblèm  
ou yo.




# KIJAN MWEN KAPAB KENBE **MALGRE** **TOUT SOUFRANS** **SA YO?**

Nenpòt sa k pase, Bondye ka ede ou kenbe fèm. Si ou vin pitit Li, L'ap pran swen ou tankou pwòp fanmi Li. Bondye pa tankou papa ki sou latè. Li pafè, san defo. Li vle pou Li bon Papa w k'ap viv nan syèl la. Li vle soulaje ou nan moman difisil sa yo.

Bondye ap viv nan syèl, nan bèl bèl kay Li a. Sèl pitit li a, Seyè Jezikri ap viv la tou. Paske Bondye Sen (san defo), li pa ka bay peche vag. Fòk li pini peche. Labib di nou pinisyon pou peche se lanmò (Women 6:23). Lanmò vle di separasyon avèk Bondye pou tout tan, pou al viv nan yon move kote. Plan Bondye pou rezoud pwoblèm peche se te voye Pitit Li pran pinisyon mwen menm avèk ou menm merite.

Bondye te voye Pitit Li Jezi sou latè tankou yon ti bebe. Paske Li se Pitit Bondye, Jezi se sèl moun ki pa t janm fè peche. Pandan l'ap grandi, Jezi pa t janm fè yon bagay mal. Aprè yon bon tan pase, jou a te rive pou Jezi te pran pinisyon peche w. Bondye konprann move bagay k ap pase ou yo paske Li te soufri tou yon lè. Papa Bondye t'ap gade epi soufri lè moun te pran Seyè Jezikri, Pitit Li a, epi klouwe Li sou lakwa. Jezi te soufri tou lè yo te blese L epi touye L tankou yon kriminèl. Bondye te konnen se sèl fason pou peche nou yo te ka padone.



The background of the page is a soft, painterly illustration of a sunset or sunrise over a mountain range. The sky is filled with warm, glowing clouds in shades of orange, yellow, and purple. In the foreground, a dark, textured surface, possibly a window or a piece of equipment, is visible. On the left, a rectangular opening is brightly lit from within, casting a warm glow. To its right is a large, circular, textured object, possibly a lens or a filter, which is also illuminated from the side, creating a gradient of light across its surface.

Jezi te dakò soufri epi mouri pou ou. Labib di Jezi te mouri sou lakwa. Yo te antere Li men aprè twa jou Bondye te fè Li sòti vivan nan lanmò (1 Korentyen 15:3-4). Nou konnen sa se verite paske anpil moun te wè Jezi vivan sou latè avan Li ale nan syèl la pou Li al jwenn Bondye, papa Li. Li vivan kounye a nan syèl la Jodi a.

Plan Bondye lè li te voye Pitit Li Jezi montre renmen Li pou ou. Li ta vle fè ou antre nan pwòp fanmi pa Li.

# KIJAN OU KAPAB RANTRE NAN **FANMI BONDYE?**

Labib di nou nenpòt moun ki resevwa Jezi, ki kwè nan non Li, yo ka tounen pitit Bondye (Jan 1:12). Kwè nan Jezi vle di konfyè ou nan Jezi konplètman, kwè Li te mouri pou ou, pou peche ou yo ka padone. Si ou kwè Jezi se sèl moun ki ka sove ou nan peche w yo, Bondye gen pou li chanje ou pa anndan epi L'ap fè ou tounen pwòp pitit Li. Eske ou ta vle kwè nan Jezi pou rantre nan fanmi Bondye kounye a? Ou ka itilize mo sila yo pou di Bondye:

*Bon papa Bondye, mwen konnen mwen peche e mwen antò. Mwen kwè Jezi se pitit Ou, ki mouri pou mwen epi ki resisite. Mwen vle pran Jezi pou Sovè mwen pou m ka rantre nan fanmi W lan. Mèsi nan non Jezi. Amen.*

Lè ou aksepte Jezi kòm Sovè ou, Bondye padone peche ou yo, Li fè ou tounen pitit Li. Si ou fèk fè sa, ekri non ou Jodi a avèk dat li ye jodi a nan liy ki anba yo pou ou ka sonje kilè ou te rantre nan fanmi Bondye.

Non \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

# KÒM PAPA W KI NAN SYÈL LA, BONDYE AP REKONFONTE W.


Kòm papa w ki nan syèl la, Bondye pral ede ou geri sa ki fè ou mal kounye a. Yon jou ou gen pou al viv nan syèl la avèk Jezi, kote pap gen ni soufrans, ni tristès, ni lanmò. Lè Jezi retounen sou latè, Li gen pou Li korije tout dega peche te lakòz. Li ap fè tout bagay pafè menm jan yo te ye oparavan.

Ou ka pale avèk Bondye a nenpòt ki lè sou nenpòt bagay. Se sa lapriyè vle di. Ou ka pale avèk Bondye de bagay ou ekri nan liv sa. Ou ka rakonte Li bagay ou pa ka di lòt moun. Kisa ou ta renmen di Bondye kounye a?

Bondye ap tande epi reponn priyè ou. Eske sa vle di p ap gen okenn bagay mal k'ap rive ankò? Non, move bagay ap toujou rive nan lemonn. Men ou mèt kwè Bondye ap toujou la avèk ou. Li pwomèt Li p ap janm abandone ou (Ebre 13:5). Labib di tou Bondye ap ede ou. Ou pa bezwen pè (Ebre 13:16). Kwè nan Bondye. L'ap ede ou kenbe anba tou soufrans ou yo.

Bondye sitèlman renmen w li ba w pawòl li yo nan yon liv ki rele Labib. Gen anpil pasaj nan Labib ki itil lè n ap pase nan moman difisil. Ou ka aprann vèsè sa yo epi w resite yo lè w santi ou tris oswa lè w santi ou pè. Toujou sonje Bondye renmen w e li vle ede w nan moman difisil sa a.

- *“Mwen [Bondye] p ap janm lage w.”* Ebre 13:5
- *“Se Senyè a [Bondye] k ap ede m, Mwen pa pè anyen.”* Ebre 13:6
- *“Se li menm ase k ap pwoteje m, k ap delivre m.”* Sòm 62:3
- *“Senyè a [Bondye] kanpe toupres moun k ap rele l.”* Sòm 145:18
- *“Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou li ban nou sekou lè nou anba tray.”* Sòm 46:1





## Ansanm pitit yo ak l'evanjil atravè teknoloji

**U-Nite TV**® difize avantir anime ki anseye verite soti nan Bib la, videyo mizik pou aprann ak mèmorize Paròl Bondye a, ak istwa ki anseye L'evanjil la.

**U-Nite Radio**® ofri episòd odyo kout de Good News Heroes ak Good News Devos ki anseye timoun atravè istwa ki angaje yo.

**U-Nite Kids**® bay avantir ki anseye verite soti nan Bib la. Timoun yo ka fini devosyon chak jou, genyen siksè, mèmorize Paròl Bondye a, ak jwenn repons nan kesyon bibliik ki koutim.

[cefonline.com/unite](http://cefonline.com/unite)  
[cefonline.com/tvfrench](http://cefonline.com/tvfrench)  
[cliquelavie.com](http://cliquelavie.com)



**AEE**  
ASSOCIATION  
ÉVANGILE & ENFANCE